

# Evite pwoblèm Avèk Reklamasyon RA w la

## Fason pou asire peman benefis Asistans Reyanplwa yo (RA) fèt alè e korètman.



### Se pou w onèt

Entansyonèl kenbe oswa bay enfòmasyon pou twonpe moun, enfòmasyon ki pa kòrèk sou yon reklamasyon pou jwenn benefis RA konsidere kòm fwod, ki pinisab daprè lalwa. Asire ou tcheka tout enfòmasyon ou founi yo kòrèk, lè w ap depoze yon reklamasyon pou benefis RA.



### Anrejistr kòm yon moun kapchèche travay

Ou dwe anrejistre avèk EmployFlorida nan employflorida.com pou w ka kalifye pou kolekte benefis RA. Yo ofri sèvis sa yo pou ede w retounen travay pi vit ke posib.



### Aktivman ap chèche travay

Ou dwe chèche omwen 5 travay pou chak semèn ou depoze yon reklamasyon pou benefis. Asire ou kenbe yon dosye sou aktivite rechèch travay ou yo, paske yo ka chwazi reklamasyon w la pou yon odit nenpòt ki lè.



### PA refize yon travay konvenab

Si w refize yon òf travay konvenab, sa ka lakòz yon refi oswa yon reta nan peman benefis ou yo.



### Rapòte TOUT salè

Ou dwe rapòte TOUT salè brit (anvan taks ak lòt dediksyon) pou chak semèn ou travay lè w ap fè demann pou benefis RA, enkli travay a tan pasyèl oswa tanporè, ansanm ak lòt revni obligatwa.



### Li tout enfòmasyon yo bay

Se responsabilite w pou konnen epi suiv règ RA Florid yo lè w ap fè demann pou benefis RA. Pou anpeche erè ki ka lakòz yon peman anplis, ou dwe li avèk anpil atansyon tout materyèl yo voye ba ou epi reponn a tout demann.



Ale sou sitwèb nou an nan FloridaJobs.org  
si w gen lòt kesyon sou reklamasyon w lan.

